

ÒTOPEDI NAN CHA

# KESYON YO POZE SOUVAN



## **Kijan m ap fè konnen si m bezwen ranplasman jwenti antye?**

Atrit ak chòk kapab bay gwo doulè, ki fè aktivite toulejou ak espò vin difisil. Pou sèten moun, ranplasman jwenti antye a se pi bon solisyon an. Chirijyen konpetan yo nan CHA kapab ba ou yon fo jwenti nan plas yon jwenti ki fini, pou ede redui doulè epi re-ba ou yon vi pi aktif. Operasyon nou fè pi souvan isit yo se ranplasman jenou ak ranch.

## **Kiyès ki kandida pou operasyon ranplasman jwenti antye?**

Malerezman, se pa tout moun ki bon kandida pou operasyon ranplasman jwenti. Pou sèten ou gen pi bon rezilta ki posib, ou dwe suiv tout egzijans ekip operasyon òtopedik ou a tabli yo. Paregzanp, doktè swen primè w lan dwe dakò operasyon an ap san danje pou ou (otorizasyon doktè swen primè a). Yon dantis dwe gade w tou epi endis mas kòporèl ou (BMI) dwe pi ba pase 40. Si w gen dyabèt, sik ou dwe sou kontwòl. Ou pa kapab ni fimen ni pran nikotin. Ou dwe asiste yon Kou sou Ranplasman Jwenti Antye nan CHA tou.

*Tanpri gade dokiman (anvan operasyon) sou Egzijans yo pou operasyon Ranplasman Jwenti Antye pou jwenn plis enfòmasyon.*

## **Konbyen tan operasyon an pran?**

Abitiyèlman 3-4 èdtan, men sa kapab varye. Apre operasyon an, w ale tou dwat sou kabann lopital pou kòmanse refè ak reyadapte.

## **Konbyen tan m ap pase nan lopital la apre operasyon an?**

Pifò moun rete 2-4 jou nan lopital la apre operasyon an.

## **Pandan konbyen tan m ap gen doulè apre operasyon m nan?**

Pifò moun santi plis doulè pandan premye de semèn yo apre operasyon an. Doktè w yo, enfimyè w yo, ak pèsònèl reyadaptasyon an pral travay ansanm pou ede redui doulè w la. Sa gen ladan terapi avèk medikaman kont doulè, Doulè a ap amelyore dousman epi li gen dwa pran kèk mwa pou ale nèt.

## **Kilè m ap kapab mache sou nouvo jwenti m nan?**

Tout moun ap leve avèk èd Fizyoterapi (PT) depi nan landmen maten operasyon an. Li enpòtan pou kòmanse fè mouvman ak nouvo jwenti an touswit epi mete leplis pwa posib sou li. W ap kapab sèvi ak yon wòkè woulan epi w ap resevwa medikaman kont doulè pou redui doulè w.

*KONTINYE NAN DO PAJ LA >*

# KESYON YO POZE SOUVAN

## KONTINYE

### Èske se lakay mwen oswa nan yon etablisman reyadaptasyon mwen prale apre operasyon an?

Ekip operasyon w lan pral pale avèk ou ak jesyonnè ka w la sou sa. Yo gen dwa pwopoze yon plan egzeyat baze sou kapasite w pou fonksyone, lòt pwoblèm medikal ou yo ak nivo sipò ou genyen lakay ou. Yon jesyonnè ka ap ede w konprann sa asirans ou kouvri.

Gen anpil pasyan ki kapab ale lakay yo apre operasyon an. Nan ka sa yo, yon enfimyè ak yon fizyoterapis gen dwa vin lakay ou nan semèn yo apre operasyon an. Gen lòt pasyan ki prale nan rayadaptasyon akoutèm pandan 1-2 semèn apre operasyon an epi apre sa ale lakay yo.

### Kilè m ap kapab kondui apre operasyon an?

Sa kapab varye, baze sou tan w pran pou rebran fòs ou ak fasilite w pou deplase, si w kondui otomatik oswa estanda, nan ki pye ou te fè operasyon, ak si w sou medikaman kont doulè toujou. Pou pifò moun, sa pran 6-8 semèn anvan w kapab kondui ankò. Planifye alavans pou fè aranjman pou yo kondui w nan vizit medikal yo.

### Resous pou transpò:

**The Ride:** Kontakte 617-337-2727 pou kòmanse pwosesis la epi konnen si w kalifye.

**Transpò Pòt a Pòt (Door to Door Transportation) avèk SCM:** Kontakte 617-625-1191. Disponib pou moun ki gen omwen 62 an ki rete nan Cambridge, Somerville, Everett ak Medford.

### Kilè mwen kapab vwayaje san danje?

Pandan 2-3 premye mwa yo apre operasyon an, nou konseye pou w pa vwayaje nan avyon ni nan machin pandan plis pase 1-2 èdtan. Vwayaj kout se pa yon pwoblèm, men ou dwe rete epi pran ti repo pou mache ak fè mouvman ak nouvo jwenti w lan omwen 2 fwa chak èdtan.

Poutèt COVID-19, nou rekòmande pou w pa vwayaje andeyò eta a pandan w ap refè.

### Èske m ap fè tè COVID-19 anvan operasyon m nan?

Tout pasyan dwe fè tè COVID-19 plizyè jou anvan operasyon an. N ap ede kowòdone sa pou ou. Si tè ou a pozitif, n ap oblije ranvwaye operasyon w lan.

### Ki prekosyon y ap pran pou verifiye lopital la san danje pou operasyon?

CHA pran sante w ak sekirite w oserye. Nou chanje anpil règleman poutèt COVID-19 pou pwoteje pasyan yo ak pèsònèl la. N ap suiv rekòmandasyon gouvènman an ak sektè a.

### Èske fò m pote pwòp mask pa mwen?

Fò w gen mask lè w rive nan lopital la jou operasyon an. N ap bay tout manm pèsònèl ak pasyan ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) yo bezwen yo nan lopital la. Sa gen ladan mask, blouz, gan, ak ekran pou figi nan sal operasyon an ak nan etaj lopital la.

### Pandan m nan lopital la apre operasyon an, èske m ap nan menm zòn avèk pasyan ki gen COVID-19?

Tout lòt pasyan ki nan lopital la fè tè COVID-19. Nou fè atansyon izole tout pasyan ki gen tè pozitif de lòt pasyan yo.